



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ REZISTANS NAN KONTE NIAGARA

Pwojè ranplasman Liy Idwolik Pon Roosevelt Beach 500,000 dola a ap pwoteje enfrastrikti ki enpòtan anpil epi asire yon apwovizyonman dlo ki fyab pou Vil Wilson

Pwojè a te chwazi nan kad Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Gouvènè Cuomo a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a konstriksyon an te kòmanse sou yon pwojè rezistans 500,000 dola dapre [Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik la \(Resiliency and Economic Development Initiative, REDI\)](#). Pwojè sa ap abòde yon liy idwolik ann asye ki deteryore anpil ki te idantifye kòm risk. Vil Wilson posede epi eksplwate sistèm apwovizyonman dlo lokal la, k ap sèvi apeprè 5,800 rezidan.

"Pwogram REDI a se yon testaman de sa nou ka akonpli lè eta ak gouvènman lokal yo travay an tandem pou amelyore kominate yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pwojè sa nan Konte Niagara se ankò yon lòt egzanp angajman kontini New York pou revitalizasyon ak rezistans. N ap rekonstui New York pi byen pou reziste kont nenpòt sa Manman Lanati voye sou wout nou."

Yon pòsyon nan enfrastrikti sa, yon liy idwolik an asye 275 pye, pandye sou Wiso 19 kilomèt, ki atache ak Pon Roosevelt Beach la. Seksyon tiyo 8 pou sa gen prèske 60 tan, epi akoz li ekspoze ak eleman yo, li te deteryore anpil, ki egzije reparasyon ijans vil la ak entèripsyón sèvis dlo a. Mezi diminisyón risk pou pwojè sa gen ladan I ranplasman apeprè 275 pye liy idwolik an asye ki deteryore anpil, k ap asire yon apwovizyonman dlo pou rezidan lokal ak biznis yo.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Antanke yon manm Komisyón REDI Gouvènè Cuomo a, nou te genyen opòtinite pou travay dirèkteman ak minisipalite lokal yo pou idantifye epi investi nan pwojè ki amelyore kapasite kominate a pou reziste kont enpak danje klima k ap chanje nou an. Pwojè tankou sa nan Vil Wilson ap kreye yon enfrastrikti ki pi rezistan ki fè pwomosyon kwasans ekonomik epi amelyore kalite lavi, k ap demonstre kisa ki ka reyalize lè nou tout travay ansanm".

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li envesti nan pwojè k ap fè kominate Lak Ontario yo pi rezistan pou epizòd dlo k ap monte alavni. Pwojè sa ap asire sekirite apwovizyonman dlo pou plizyè milye moun pou anpil ane k ap vini".

Nouvo Prezidan ak PDG Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Pwojè enfrastrikti enpòtan sa ap ranplase yon liy idwolik 275 pye an asye nan Vil Wilson, k ap asire yon apwovizyonman dlo ki nesesè pou estabilite biznis ak kwasans ekonomik. Inisyativ REDI plizyè ajans lan ap ede rekonstui kominate ki andomaje pa inondasyon yo ki kouvari Lak Ontario ak bò Rivyè St. Lawrence e sa se yon lòt etap enpòtan nan garanti avni kominate devan lak nou yo".

Senatè Robert Ortt te deklare, "Kontinye envesti nan enfrastrikti eta nou an vital si nou vle evite katastwòf danjere epi ki koute initilman. Lè nou idantifye epi trete nan fason aktif Liy idwolik Pon Roosevelt Beach la, Eta New York ap opere sou pye avan epi asire ke rezidan Vil Wilson yo ap kontinye gen aksè nan yon apwovizyonman dlo ki san danje epi fyab. Kalite vizyon ki wè pi lwen sa esansyèl si n ap kontinye pwoteje sante ak sekirite rezidan New York yo".

Manm Asanble Michael Norris te deklare, "Mwen fyè paske mwen te travay ak Gouvènè a ak Komisyon Inisyativ Rezistans ak Developman Ekonomik Lak Ontario a pou livre pwojè amelyorasyon enfrastrikti enpòtan k ap refòtifye bò dlo nou an pou pwoteje rezidan, biznis, ak kominate nou yo kont ijans dlo k ap monte alavni. Amelyorasyon Liy Idwolik Pon Roosevelt Beach 500,000 dola a ap genyon enpak ki enpòtan sou kominate nou an paske enfrastrikti idwolik 275 pye ki egziste a te deteryore e li te vin tounen yon responsabilite grav. Mwen fyè paske mwen te travay ak Gouvènè a ak kamarad ofisyèl ki eli yo pou livre finansman pou pwojè sa pou moun Wilson yo ka asire y ap kontinye genyen dlo pwòp, san danje epi ki fyab".

Prezidan Konte Niagara, Rebecca Wydysh te deklare, "Patenarya Eta New York ak kominate lokal yo atravè pwogram REDI a te enpòtan anpil pou vil sou tout rivaj Lak Ontario a ki te afekte negativman pa inondasyon, espesyalman nan sa ki gen pou wè ak ranplasman enfrastrikti ki domaje, ki gen anpil tan. Pa gen pi bon egzanp de sa ke ranplase liy idwolik Pon Roosevelt Beach la, ki gen pi gwo enpòtans pou Vil Wilson. Mwen kontan anpil ke pwojè sa te lanse kounye a e mwen vle rekonèt efò kòlèg Lejislitatè Dave Godfrey ak Sipèviziè Minisipal Wilson, Doyle Phillips k ap travay pou fè sa reyalize".

Sipèviziè Minisipal Vil Wilson, Doyle Phillips te deklare, "Pandan dènye ane yo, Liy idwolik Pon Roosevelt Beach la te mande mentnans kontini. Gouvènè Cuomo ap ede Vil Wilson rezoud pwolèm sa atravè Inisyativ Rezistans ak Developman Ekonomik lan. Atravè pwogram sa, epi ak finansman Komisyon REDI akòde a, liy idwolik la ap ranplase, k ap asire sèvis dlo kontini ki sekirize pou rezidan nou yo, epi eliminate depans mentnans ak tan pou Vil la. Nou rekonesan pou èd ak patenarya eta a te bay".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezilyans kominate bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejon an. Yo te etabli senk Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite publik la.

Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan rejon REDI yo ap benefisyé. Yo te atribyiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI, klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)